



BUPATI KARANGANYAR PROVINSI JAWA TENGAH

PERATURAN DHAERAH KABUPATEN KARANGANYAR

NOMER 17 WARSA 2018

BABAGAN

NGLESTANTUNAKEN BUDAYA JAWA

KANTHI RAHMATIPUN GUSTI INKGANG MAHA ESA

BUPATI KARANGANYAR

- Nimbang: a. bilih budaya Jawa punika minangka salah satunggaling kabudayan saking manekawarni budaya ing Indonesia ingkang nggadhahi nilai-nilai luhur, kamanungsan, gotong-royong, kaendahan, moral, saha spiritual ingkang perlu dipunlestantunaken kanthi sambung-sumambung adhedhasar Pancasila;
- b. bilih peraturan budaya Jawa sangsaya dangu sangsaya kagerus kawontenanipun satemah Pamarentah Dhaerah perlu ngupayakaken lestantunipun budaya Jawa kanthi optimal saha sambung-sumambung ing dhaerah;
- c. bilih adhedhasar katemtuan Undhang-Undhang Nomer 23 Warsa 2014 babagan Pamarentah Dhaerah ingkang kados sampun dipunewahi makaping-kaping ingkang pungkasanipun kaliyan Undhang-Undhang Nomer 9 Warsa 2015 babagan Ewah-ewahan Kaping Kalih ing Undhang-Undhang Nomer 23 Warsa 2014 babagan Pamarentahan Dhaerah, Pamarentah Dhaerah wenang ngupakara kabudayan ing dhaerah.

- d. bilih adhedasar tetimbangan ingkang dipunkersakaken ing aksara a, aksara b, saha aksara c perlu damel Peraturan Dhaerah babagan Nglesztantunaken Budaya Jawa;

- Ngemuti:
1. Pasal 18 ayat (6) Undhang-Undhang Dasar Negara Republik Indonesia Warsa 1945;
 2. Undhang-Undhang Nomer 13 Warsa 1950 babagan Pambentuking Dhaerah-dhaerah Kabupaten ing Tlatah Propinsi Jawa Tengah.
 3. Undhang-Undhang Nomer 19 Warsa 2002 babagan Hak Cipta (Lembaran Negara Republik Indonesia Warsa 2002 Nomer 82, Tambahan Lembaran Negara Republik Indonesia Nomer 4220);
 4. Undhang-Undhang Nomer 20 Warsa 20023 babagan Sistem Pendhidhikan Nasional (Lembaran Negara Republik Indonesia Warsa 2003 Nomer 78, Tambahan Lembaran Negara Republik Indonesia Nomer 4301);
 5. Undhang-Undhang Nomer 24 Warsa 2009 babagan Gendera, Basa, saha Lambang Negara, sarta Lagu Kebangsaan (Lembaran Negara Republik Indonesia Warsa 2009 Nomer 109, Tambahan Lembaran Negara Republik Indonesia Nomer 5035);
 6. Undhang-Undhang Nomer 23 Warsa 2014 babagan Pamarentahan Dhaerah (Lembaran Negara Republik Indonesia Warsa 2014 Nomer 244, Tambahan Lembaran Negara Republik Indonesia Nomor 5587) ingkang sampun dipunewahi makaping-kaping ingkang pungkasan mawi Undhang-Undhang Nomer 9 Warsa 2015 babagan Ewah-ewahan Kaping Kalih ing Undhang-Undhang Nomer 23 Warsa 2014 babagan Pamarentahan Dhaerah (Lembaran Negara Republik Indonesia Warsa

2015 Nomer 58, Tambahan Lembaran Negara Republik Indonesia Nomer 5679);

7. Undhang-Undhang Nomer 5 Warsa 2017 babagan Majengaken Kabudayan (Lembaran Negara Republik Indonesia Warsa 2017 Nomer 104, Tambahan Lembaran Negara Republik Indonesia Nomer 6055);
8. Peraturan Dhaerah Kabupaten Karanganyar Nomer 2 Warsa 2013 babagan Pelindungan, Pembinaan, saha Pengembangan Basa, Sastra, sarta Aksara Jawa (Lembaran Dhaerah Kabupaten Karanganyar Warsa 2013 Nomer 2, Tambahan Lembaran Dhaerah Kabupaten Karanganyar Nomer 4);

Kanthi Mupakat Sesarengan

DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DHAERAH KABUPATEN
KARANGANYAR

Saha

BUPATI KARANGANYAR

MUTUSAKEN:

Netepaken: PERATURAN DHAERAH BABAGAN NGLESTANTUNAKEN
BUDAYA JAWA.

BAB I

KATEMTUAN UMUM

Pasal 1

Wonten ing Peraturan Dhaerah punika ingkang
dipunkajengaken:

1. Dhaerah inggih punika Kabupaten Karanganyar.

2. Pamarentah Dhaerah inggih punika Bupati minangka unsur penyelenggara Pamarentahan Dhaerah ingkang mimpin lumampahipun urusan Pamarentahan ingkang dados wewenangipun dhaerah otonom.
3. Bupati inggih punika Bupati Karanganyar.
4. Perangkat Dhaerah inggih punika unsur pambantu Kepala Dhaerah saha Dhewan Perwakilan Rakyat Dhaerah anggenipun ngepyakaken Urusan Pamarentahan ingkang dados wewenangipun Dhaerah.
5. Budaya Jawa inggih punika filosofi, kempalan simbol, mitos, saha ritual ingkang wigati tumrap masyarakat Jawa jumbuh kaliyan kearifan lokal.
6. Pendhidhikan inggih punika upaya kanthi sadhar saha dipunrancang kangge mujudaken swasana sinau murih para siswa nggadhahi kawasisan micara kanthi aktif saged mangertosi nilai-nilai kaendahan, etika, moral, kesantunan, saha budi pekerti.
7. Nglestantunaken inggih punika rerangkenipun upaya kangge njagi saha miara lestantunipun budaya Jawa lumantar panaliten, pengembangan, pembinaan, saha pangajaran.
8. Kesenian inggih punika Kesenian tradhisional masyarakat Jawa awujud nilai kaendahan minangka wujud kreatifitas daya cipta, rasa, karsa, saha karya ingkang gesang kanthi turun temurun ing masyarakat Jawa.
9. Kesejarahan inggih punika dinamika prastawa budaya Jawa ingkang kadadean ing wekdal kapungkur ing manekawarna aspek kesugengan saha asil rekonstruksi pristiwa-pristiwa punika, sarta warisan wekdal kapungkur ingkang awujud panemu utawinipun teks tinulis, boten tinulis saha tradhisi lisan.

10. Ageman Adat inggih punika ageman adat Jawa saha sedaya uba rampenipun utawi aksesoris ingkang dipunagem ing acara.
11. Ornamen inggih punika wewangunan, perangan saking wewangunan, lambang-lambang, saha/utawi simbol-simbol minangka tetenger budaya Jawa.
12. Adat Istiadat inggih punika konsep abstrak ngenani masalah dhasar kamanungsan ingkang wigati sanget saha migunani ing gesang saha pagesanganipun manungsa ingkang katingal ing patrap saha subasita ingkang tansah ngugemi adat istiadat masyarakat Jawa.
13. Basa inggih punika basa ingkang dipun-ginakaken kanthi turun-temurun dening masyarakat ing dhaerah utawi penutur sanesipun minangka sarana komunikasi saha ekspresi budaya.

BAB II

MAKSUD SAHA ANCAS

Perangan Kaping Setunggal

Maksud

Pasal 2

Pengaturan	Nglestantunaken	Budaya	Jawa
dipunmaksudaken	minangka	pedhoman	tumrap
Pamarentah	Dhaerah	saha masyarakat	kangge

nglestantunaken budaya Jawa ing dhaerah.

Perangan Kaping Kalih

Ancas

Pasal 3

Nglestantunaken Budaya Jawa ing dhaerah nggadhahi ancas kangge:

- a. njagi saha miara lestantunipun budaya Jawa satemah dados faktor wigati kangge neguhaken jati dhiri dhaerah;
- b. mangertosi nilai-nilai estetika, etika, moral, saha spiritual ing salabeting budaya Jawa kagem dayagina minangka upaya pembinaan saha pengembangan kebudayaan nasional; saha
- c. ndayaginakaken Budaya Jawa minangka wahana kangge ambangun karakter saha budi pekerti luhur.

BAB III

KEDHUDHUKAN SAHA FUNGSI

Pasal 4

Kedhudhukan saha fungsi budaya Jawa wonten ing dhaerah minangka:

- a. lambang idhentitas Dhaerah;
- b. lambang kebanggaan Dhaerah;
- c. sarana komunikasi Dhaerah;
- d. sarana kangge mbentuk karakter adiluhung ingkang nyengkuyung budaya Dhaerah;
- e. sarana ingkang dipundayaginakaken minangka wahana kangge ndhudhah kearifan budaya lokal ingkang nggadhahi nilai-nilai unggul; saha
- f. sarana ekspresi seni saha budaya ing Dhaerah.

BAB IV
TUGAS SAHA WEWENANG

Pasal 5

- (1) Pamarentah Dhaerah anggenipun ngelstantunaken budaya Jawa nggadhahi tugas:
- a. majengaken budaya Jawa;
 - b. ngrembakakaken partisipasi saha kreativitas masyarakat;
 - c. ngrembakakaken saha ningkataken kesadharan masyarakat ing Dhaerah kangge nglestantunaken budaya Jawa;
 - d. nindakaken koordhinasi antarlembaga Pamarentah, masyarakat, saha dunia usaha kangge upaya nglestantunaken budaya Jawa; saha
 - e. nindakaken koordhinasi ing upaya nglestantunaken budaya Jawa ing Dhaerah.
- (2) Kangge nglaksanakaken tugas ingkang dipunmaksud wonten ing ayat (1) Pamarentah Dhaerah nggadhahi wewenang:
- a. ngrumusaken saha netepaken kebijakan sarta strategi kangge nglestantunaken budaya Jawa kanthi migunakaken paugeran kebijakan nasional;
 - b. ngepyakaken Lestantunipun Budaya Jawa ingkang jumbuh kaliyan norma, standar, prosedur, saha kriteria ingkang dipuntetepaken dening Pamarentah;
 - c. makarya sesarengan antardhaerah, kemitraan, saha jejaring nglestantunaken Budaya Jawa;
 - d. nglaksanakaken pembinaan saha pengawasan kegiatan nglestantunaken Budaya Jawa;
 - e. netepaken kawasan budaya Jawa; saha
 - f. Masilitasi upaya nglestantunaken budaya Jawa ingkang dipunlaksanakaken ing Dhaerah.

(3) Pamarentah Dhaerah wajib njagi saha nggegesang upaya nglestantunaken budaya Jawa ing Dhaerah.

(4) Katemtuan salajengipun ngengingi lumaksananipun tugas saha wewenang ingkang dipunmaksud wonten ing ayat (1) dumugi ayat (3) dipunatur wonten ing Peraturan Bupati.

BAB V

HAK SAHA KUWAJIBAN MASYARAKAT

Pasal 6

Masyarakat nggadhahi hak:

- a. migunakaken sedaya aspek Budaya Jawa jumbuh kaliyan fungsipun;
- b. ngaturi pamrayogi dhumateng Pamarentah Dhaerah ing penyelenggaraan nglestantunaken Budaya Jawa;
- c. urun rembag netepaken kebijakan budaya Jawa; saha
- d. milih aspek Budaya Jawa kangge kepentingan medharaken pengalaman saha estetisipun.

Pasal 7

Pamarentah Dhaerah saha Masyarakat wajib njagi saha nggegesang lestantunipun budaya Jawa ing Dhaerah.

BAB VI

NGEPYAKAKEN LESTANTUNIPUN

Perangan Kaping Setunggal

Umum

Pasal 8

Pamarentah Dhaerah, masyarakat, saha satuan pendhidhikan kanthi sesarengan ngepyakaken Lestantunipun Budaya Jawa ing Dhaerah.

Pasal 9

Upaya nglestantunaken Budaya Jawa ing dhaerah ingkang dipunmaksud wonten ing Pasal 8, inggih menika:

- a. Kesenian;
- b. Kesejarahan;
- c. Ageman Adat;
- d. Ornamen; saha
- e. Adat istiadat;

Perangan Kaping Kalih

Kesenian

Pasal 10

- (1) Nglestantunaken Kesenian kados dene ingkang dipunkajengaken jroning Pasal 9 huruf a dipuntindakaken lumantarupaya:
 - a. ngindhakaken usaha, pengelolaan, panaliten, ngindhakaken mutu, nyebaraken Kesenian, ngindhakaken daya cipta saha daya panampilan, sarta ngindhakaken apresiasi Kesenian;
 - b. ngindhakaken kreativitas lan produktivitas seniman kangge berkarya kagem Kesenian; lan
 - c. ngindhakaken sikap positif Masyarakat dhateng Kesenian lumantar Pendidikan saha apresiasi seni ing sekolah sarta sajawining sekolah.
- (2) Upaya Nglestantunaken Kesenian kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1) nggadhahi ancas:
 - a. mujudaken iklim Kesenian tradisional Jawa lan kontemporer ingkang sehat, bebas, sarta dinamis ingkang jumbuh kaliyan norma kesusilaan lan norma agama;
 - b. ngindhakaken kesejahteraan lan ngayomi dhateng hak cipta lan hak kekayaan lan intelektual seniman;

- c. nata Lembaga Kesenian ingkang kreatif, responsive, proaktif, lan dinamis dhateng kabetahan sarta pangrembakaning Kesenian;
- d. ngindhakaken apresiasi Masyarakat dhateng Kesenian;
- e. ngindhakaken profesionalisme penyelenggaraan Kesenian;
- f. njurung lan paring fasilitas dhateng pakumpulan seni sarta organisasi utawi Lembaga kemasyarakatan jroning Nglestantunaken Kesenian;
- g. migunakaken ruwang publik, hotel, papan blanja, kantor pamarentahan, Gedung Kesenian, Gedung sekolah, lan media massa minangka Upaya Nglestantunaken Kesenian;
- h. njurung ngrembakanipun industry alat Kesenian Jawa; saha
- i. sarana kangge refleksi lan evaluasi kagiyatan penyelenggaraan Nglestantunaken Kesenian.

Pasal 11

- (1) Jroning ngawontenaken Kagiyatan Nglestantunaken Kesenian ing Daerah, Pamarentah Daerah nggadhahi tugas:
 - a. ngetrapaken Kesenian Budaya Jawa jroning Pendidikan Dasar kanthi majibaken sedaya murid ndherek kagiyatan ekstrakurikuler Kesenian;
 - b. ngindhakaken kualitas pendidik lan bahan ajar Kesenian sarta pamong seni; saha
 - c. njangkepi fasilitas ingkang dipunbetahaken jroning nindakaken Pendhidhikan Kesenian Budaya Jawa.
- (2) Anggenipun ngupayakaken Lestantunipun Kesenian ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1), dipuntindakaken dening Perangkat Dhaerah ingkang mbidhangi Pendhidhikan lan Kabudayan.

Pasal 12

Pamarentah Dhaerah nindakaken pangrembakanipun program lan kagiyatan Nglesztantunaken Kesenian kanthi nglibataken masyarakat, seniman, para ahli, lan pihak sanes ingkang nggadhahi kepentingan.

Pasal 13

Paugeran langkung jangkep ngenani Kagiyatan Nglesztantunaken Kesenian kados dene ingkang sampun dipunatur jroning pasal 10 ngantos pasal 12 salajengipun dipunatur jroning Peraturan Bupati.

Perangan Kaping Tiga

Kesejarahan

Pasal 14

- (1) Nglesztantunaken Kesejarahan kados dene ingkang dipunkajengaken jroning pasal 9 huruf b, dipuntindakaken lumantar upaya:
 - a. pemeliharaan, pelindungan, lan pengkajian sumber sejarah minangka bahan panyeratipun sejarah ing Daerah;
 - b. panaliten, pengkajian, pengembangan, lan panyeratan sejarah Dhaerah lan/utawi sastra sejarah sacara objektif lan ilmiah;
 - c. pamilahan lan pemeliharaan asiling panulisan sejarah ing Daerah; lan
 - d. Pemanfaatan asiling panaliten, pengkajian, pengembangan, lan panulisan sejarah ing Daerah kedah dipunsosialisasekaken lumantar Pendidikan dasar lan menengah, media massa lan sarana publikasi sanes ingkang saged dipunakses dening masyarakat.
- (2) Paugeran langkung jangkep ngenani Kagiyatan Nglesztantunaken Kesejarahan lan Panyeratan Kesejarahan

kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1),
salajengipun dipunatur jroning Peraturan Bupati.

Perangan Kaping Sekawan

Ageman Adat

Pasal 15

- (1) Paugeran ngginakaken Ageman Adat kados dene ingkang dipunkajengaken jroning Pasal 9 huruf c, dipunginakaken jroning:
 - a. pengetan Dinten Dumadinipun Daerah; saha
 - b. pengetan adicara Nasional ingkang dipuntemtokaken langkung jangkep dening Bupati.
- (2) Kangge Nindakaken Nglestantunaken lan Ngembangaken Ageman Adat, Pamarentah Dhaerah sesarengan kaliyan tokoh Masyarakat ing Dhaerah netepaken jenis Ageman Adat ingkang saged dipun-ginakaken jroning adicara tartamtu dening warga Masyarakat.

Perangan Kaping Gangsal

Ornamen

Pasal 16

- (1) Ornamen kanthi ciri khas Budaya Jawa kados dene ingkang dipunkajengaken jroning Pasal 9 huruf d anggenipun ngginakaken kedah dipunrawat lan dipunkembangaken lumantar cara:
 - a. ngginakaken Ornamen khas Budaya Jawa jroning wangunan publik, Gedung ingkang sampun wonten/madeg lan ingkang badhe dipunwangun kagunganipun Pemerintah Daerah; lan
 - b. mapanaken Ornamen khas Budaya Jawa jroning perangan tembok gapura lan/utawi tugu ingkang nggadhahi kagunan minangka tapel wates desa/kalurahan, kecamatan, lan daerah.

- (2) Paugeran langkung jangkep ngenani tata cara ngginakaken lan mapanaken Ornamen ingkang nggadhahi ciri khas Budaya Jawa kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1), dipunatur jroning Peraturan Bupati.

Perangan Kaping Enem

Adat Istiadat

Pasal 17

- (1) Anggenipun Nglectantunaken Adat Istiadat kados dene ingkang dipunkajengaken jroning Pasal 9 huruf e, lumantar kagiyatan:
- a. pengkajian, pemeliharaan, lan pengembangan Adat Istiadat Budaya Jawa ingkang dipunugemi dening Masyarakat jroning solah bawa, tindak-tanduk, ngetrepaken sikap ingkang ngandhut aspek ungkapan, paribasan, upacara, cariyos, lan dolanan rakyat (tradhisional), naskah kuna, pengetahuan, sistem kemasyarakatan, lan nilai tradisi sanesipun ingkang tuwuh lan ngrembaka jroning Masyarakat ing Dhaerah;
 - b. pamilihan lan pemeliharaan dhateng Adat Istiadat ingkang dipunjumbuhaken kaliyan ngrembakanipun jaman (nut ing jaman kalakone);
 - c. pelindungan dhateng Masyarakat ingkang ngginakaken lan ngrembakakaken Adat Istiadat jroning gesang bebrayanipun; saha
 - d. nindakaken kagiyatan sosialisasi kajian nilai tradhisi Budaya Jawa dhateng Masyarakat umum.
- (2) Kagiyatan Nglectantunaken Adat Istiadat kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1), kedah nggatosaken:
- a. Nilai agama;

- b. Tradisi, nilai, norma, etika, lan hukum adat;
- c. Kepentingan umum, kepentingan komunitas, lan kepentingan kelompok jroning Masyarakat;
- d. Jati diri Daerah lan bangsa;
- e. Manfaatipun tumrap Masyarakat; saha
- f. Ketentuan paugeran perundhang-undhangan.

BAB VII

DHATA LAN DHOKUMENTASI

Pasal 18

- (1) Pamarentah Dhaerah nindakaken pendataan lan pendokumentasian Budaya Jawa ingkang ngrembaka ing Dhaerah.
- (2) Pendhataan lan pendhokumentasian Budaya Jawa kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1) dipuntindakaken dening Perangkat Dhaerah ingkang mbidhangi bab urusan kabudayan.
- (3) Pendhataan lan pendhokumentasian Budaya Jawa kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1) ngemot ing antawisipun:
 - a. Kesejarahan ing Dhaerah;
 - b. Jinis Kesenian ing Dhaerah;
 - c. Adat Istiadat ing Dhaerah; saha
 - d. Dhata lan informasi sanes ingkang dipunbetahaken jroning Nglestantunaken Budaya Jawa ing Dhaerah.
- (4) Dhata lan dhomukentasi kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1), saged dipunakses (dipunbikak) dening Masyarakat.
- (5) Pugeran langkung jangkep ngenani pendhataan lan pendhokumentasian Nglestantunaken Budaya Jawa kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1), dipunatur jroning Peraturan Bupati.

BAB VIII
PENGEMBANGAN KABUDAYAN

Pasal 19

- (1) Pamarentah Dhaerah paring fasilitas dhateng Pengembangan Budaya Jawa ing Dhaerah.
- (2) Fasilitas Ngrembakakaken Budaya Jawa kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1), dipuntindakaken lumantar:
 - a. revitalisasi nilai kabudayan;
 - b. apresiasi dhateng pelestari kabudayan;
 - c. dhiskusi, seminar, lan sarasehan ngrembakakaken kabudayan, sarta pembinaan karakter lan pekerti bangsa; saha
 - d. pelatihan tumrap pelaku tradisi jroning upaya ngiyataken nilai kabudayan lan karakter bangsa.
- (3) Paugeran langkung jangkep ngenani fasilitas Pengembangan Budaya Jawa kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (2) dipunatur kanthi Peraturan Bupati.

BAB IX
PANYENGKUYUNG MASYARAKAT

Pasal 20

- (1) Masyarakat ndherek nyengkuyung jroning Upaya Nglestantunaken Budaya Jawa ing Dhaerah.
- (2) Panyengkuyung Masyarakat kados dene ingkang dipunkajengaken jroning ayat (1) dipuntindakaken lumantar:
 - a. pemeliharaan lan pengembangan ngenani raos katresnan lan bombong dhateng Ngginakaken Budaya Jawa;
 - b. Pemantapan raos sadhar ngginakaken Budaya Jawa kangge ngukuhaken jati diri lan idhentitas Daerah; lan

Supados saben tiyang saged mangertosi, ndhawuhaken
pengundhangan Peraturan Daerah menika kanthi mapanaken
jroning Lembar Daerah Kabupaten Karanganyar.

Dipuntetepaken ing Karanganyar
ing surya 13 September 2018
BUPATI KARANGANYAR

TTD

JULIYATMONO

Dipunundhangaken ing Karanganyar
ing surya 27 September 2018
SEKRETARIS DAERAH KABUPATEN KARANGANYAR,

TTD

SAMSI

LEMBARAN DAERAH KABUPATEN KARANGANYAR TAUN 2018 NOMER
17
NOREG, PERATURAN DAERAH KABUPATEN KARANGANYAR,
PROVINSI JAWA TENGAH : (17/2028)

Salinan jumbuh kaliyan aslinipun
SEKRETARIAT DAERAH
KABUPATEN KARANGANYAR
Kepala Bagian Hukum



Metty Ferriska R. S.H, M.H
NIP 197604171999032007

KATRANGAN
TUMRAP
PERATURAN DAERAH KABUPATEN KARANGANYAR
NOMOR 17 TAUN 2018
NGENANI
NGLESTANTUNAKEN BUDAYA JAWA

1. UMUM

Maneka ragaming kabudayan Dhaerah mujudaken salah satunggalipun penggerak pambangunan kabudayan Nasional. Budaya ing Dhaerah mujudaken unsur wigati kabudayan ingkang nyambungaken rerangkening kabudayan nasional Indonesia, kalebet Budaya Jawa ing Kabupaten Karanganyar.

Sesarengan kaliyan ngrembakaning Masyarakat, Budaya Jawa sangsaya dangu sangsaya kagerus kawontenanipun. Budaya Jawa mujudaken simbol lan ciri pengenalan Sejarah peradaban Masyarakat sarta ngemot nilai adab lan estetika luhur saengga prelu dipunjagi lan dipunrumat minangka sawijining kebanggaan Dhaerah.

Jroning kasunyatanipun kawontenan Budaya Jawa ing Dhaerah ugi nemahi surud. Bab menika dipunbetahaken upaya ingkang dipuntindakaken Pamarentah Dhaerah kangge nglestantunaken Budaya Jawa. Awit saking menika, wigati dipuntindakaken paya nglestantunaken ingkang awujud ngetrepaken Budaya Jawa, ngginakaken Budaya Jawa kanthi sae lan leres sarta mbudidayakaken potensi Budaya Jawa supados kasil kangge lan miguna jroning sedaya aspek pagesanganipun bebrayan agung masyarakat.

II. PASAL MBAKA PASAL

Pasal 1

Cekap gamblang

Pasal 2

Cekap gamblang

Pasal 3
Cekap gamblang
Pasal 4
Cekap gamblang
Pasal 5
Cekap gamblang
Pasal 6
Cekap gamblang
Pasal 7
Cekap gamblang
Pasal 8
Cekap gamblang
Pasal 9
Cekap gamblang
Pasal 10
Cekap gamblang
Pasal 11
Cekap gamblang
Pasal 12
Cekap gamblang
Pasal 13
Cekap gamblang
Pasal 14
Cekap gamblang

Pasal 15
Cekap gamblang
Pasal 16
Cekap gamblang
Pasal 17
Cekap gamblang
Pasal 18

Cekap gamblang

Pasal 19

Cekap gamblang

Pasal 20

Cekap gamblang

Pasal 21

Cekap gamblang

Pasal 22

Cekap gamblang

Pasal 23

Cekap gamblang

TAMBAHAN LEMBARAN DAERAH KABUPATEN KARANGANYAR

NOMER 94